

BAB 5 KACINDEKAN JEUNG SARAN

1.1 Kacindekan

Tujuan tina ieu panalungtikan nya éta pikeun ngadéskripsikeun upacara adat ngabungbang, unsur sémiotik dina upacara adat ngabungbang, ajén éstétika dina upacara adat ngabungbang, sarta larapna hasil panalungtikan pikeun salah sahiji bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA.

Upacara adat ngabungbang di Desa Batu Lawang Kacamatan Pataruman Kota Banjar dilaksanakeun sataun sakali dina waktu anu ditangtukeun, dumasar kana dawuhan anu katarima ku Ki Demang Wangsyafudin. Tujuan diayakeunna ngabungbang, nya éta pikeun nepikeun rasa sukur kana nikmat nu diturunkeun ku Nu Maha Kawasa ka masarakat Batu Lawang sarta pikeun nyumponan amanah ti luluhur Batu Lawang. Aya sababaraha fungsi tina upacara adat ngabungbang, nya éta fungsi spiritual jeung fungsi sosial luyu jeung nu ditataan ieu. *Kahiji*, ngabungbang salaku kagiatan spiritual pikeun nepikeun rasa sukur ka Gusti nu Maha Suci Allah SWT. *Kadua*, ngabungbang salaku kagiatan silaturahmi hartina miboga fungsi sosial pikeun ngaraketkeun tali duduluran, numuwuhkeun rasa gotong royong, sabilulungan, jeung rasa kabangsaan. *Katilu*, ngabungbang salaku alat pendidikan, méré pangaweruh kana sajarah, kabudayaan, kaagamaan, kahirupan sosial jsb. *Kaopat*, tina Ngabungbang diajarkeun naon nu disebut amanah, hal éta ogé nu jadi salah sahiji sipat ti Rosululloh SAW. *Kalima*, ngabungbang ogé miboga fungsi pikeun hiburan, kaayeunakeun mah Upacara Adat Ngabungbang téh bisa diluuhun ku sakabéh élemén masarakat, béda jeung harita nu masih kénéh sakral lantaran diayakeunna di tempat anu dianggap karamat.

Tina hasil panalungtikan ieu bisa dicindekkeun yén upacara adat ngabungbang ngandung unsur éstétika jeung sémiotik. Kapanggihna unsur éstétika anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang ngagunakeun ulikan sémiotik. Aya ajén éstétika nu nyangkaruk dina tilu aspék sémiotik dumasar téori Pierce, saperti ikon, lambang jeung simbol.

Dumasar sémiotika Pierce, matéri nu aya dina upacara adat ngabungbang aya nu mangrupa ikon, indéks jeung simbul. Ikon nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang aya genep, nya éta Ki Demang, buruan, obor, bélé, gapura, nyiru jeung tampir. Indéks anu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang dumasar sabab akibat aya 10, nya éta haseup, maca mantra, maca du'a, nancebkeun awi konéng, damel bélé, ronggéng ibing, nyadiakeun sasajén, dawegan, cai kopi, jeung rurujakan. Sedengkeun simbul nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang aya ngabungbang, unjukan, gondang, silat, sasajén, sodér, wawangkongan, iket, jeung pangsi.

Dumasar tina pangaruh Plato dina periode postmodernisme, sababaraha filsuf boga pamadegan yén kaéndahan salaku kualitas intrinsik anu nyamuni dina objék. Dina periode postmodernisme leuwih museurkeun paniténa kana tanda-tanda, salaku éstétika sémiotis, ku cara méré tinimbangan yén kualitas ététis téh sumberna tina hasil pamahaman ngeunaan sistem tanda. Sémiotika éstétis dumasar kana prinsip semantis jeung pragmatis. Éstétika semantis dicirian ku karya seni anu miboga tipe-tipe tanda nu tangtu sarta ngagunakeun mode référénsi nu tangtu ogé, sedengkeun éstétika pragmatis dicirian ngaliwatan hakékat jeung kamampuh karya seni salaku komunikasi (Ratna, 2015, kc. 94-96). Lian ti éta aya dua pamadegan Socrates ngeunaan éstétika. Kahiji, aya barang-barang anu éndah, luyu jeung sipat sarta ciri-cirina séwang-séwangan. Kadua, aya pamadegan umum ngeunaan kaéndahan, nu ngabalukarkeun barang anu dimaksud jadi éndah (Ratna, 2015, kc. 61). Tina rupa-rupa tanda nu nyangkaruk dina upacara adat ngabungbang anu geus ka ulik ngaliwatan téori sémiotik Pierce bisa dicindekkeun aya sababaraha tanda anu ngandung ajén éstétika nya éta iket, pangsi, kabaya, sodér, obor, bélé, umbul-umbul, silat, gondang, ronggéng, unjukan jeung ngabungbang.

Hasil panalungtikan upacara adat ngabungbang mangrupa artikel anu dijudulan “Upacara Adat Ngabungbang”, artikel ieu bisa dijadikeun salah sahiji bahan ajar dina pangajaran maca artikel di SMA. Ieu artikel gedé mangpaatna saupama dijadikeun bahan ajar, lantaran bisa ngarojong kana kagiatan diajar. Mangpaat pikeun guru bisa dijadikeun sumber atawa bahan ajar pikeun

ditepikeun ka siswana, sedengkeun pikeun siswa mangpaatna bisa jadi bahan pikeun dibaca dina pangajaran maca artikel.

1.2 Saran

Saran atawa pangdeudeul mangrupa aspék anu penting pikeun ngadeudeulan sagala kakurangan nu patali jeung panalungtikan. Saran ti panalungtik diantarana pikeun pihak-pihak nu ditataan di handap.

1) Dinas Pendidikan

Upacara adat ngabungbang salah sahiji kabudayaan nu masih kénéh hirup di Kota Banjar. Ku kituna salaku pamaréntah mugia bisa salawasna ngarojong kana lumangsungna upacara adat ngabungbang, pangrojongna bisa mangrupa matéri, SDM atawa leuwih némbongkeun deui éksisténsi ieu upacara adat.

2) Masarakat

Masarakat mangrupa aspék anu penting pikeun lumangsungna kagiatan kabudayaan di lingkunganna. Saran pikeun masarakat mugia bisa tetep ngarojong kana upacara adat ngabungbang, saupama lain masarakat lingkunganna sorangan saha deui nu bakal ngajaga kabudayaan éta sangkan tetep hirup dina jaman anu geus modern siga ayeuna.

3) Guru

Hasil tina ieu panalungtikan nu mangrupa artikel bisa dijadikeun bahan ajar di SMA. Saran pikeun guru, dina nepikeun materi pangajaran artikel utamakeun ngeunaan artikel budaya nu aya di wewengkon sorangan, sangkan siswa di wewengkon éta mikanyaho yén di wewengkonna sorangan aya kabudayaan nu masih kénéh hirup. Satuluyana mugia siswa sanggeus maca artikel budaya nu aya di wewengkonna sorangan mah bisa numuwuhkeun rasa nyaah jeung peduli kana kabudayaan warisan karuhun.

Oka Gilang Ksatria, 2017

*AJÉN ÉSTÉTIKA DINA UPACARA ADAT NGABUNGBANG DI DESA BATU LAWANG KACAMATAN
PATARUMAN KOTA BANJAR PIKEUN BAHAN PANGAJARAN MACA ARTIKEL DI SMA(Ulikan Sémiotik)*

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu